

KOULÈV KI GEN PWAZON YO NAN FLORID

KOULÈV YO RELE "PIT VIPERS"

(Crotalidae) Anpwazonnman San - Venen/pwazon an bay gwo doulè, enflamasyon, ak senyman (senyen anpil)



KOULÈV SONÈT "EASTERN DIAMONDBACK RATTLESNAKE"

Crotalus adamanteus

- Li toupatou nan Eta-a ni kote ki sèk ni kote ki imid.
- Pi gwo koulèv ak venen nan Lèzatazini, ak yon mwayèn de 5 pye de longè epi yon maksimòm pliske 7 pye.
- Gwo kò ak koulè mawon klè jiska mawon fonse, yon desen dyaman byen defini sou do li, ak sonèt la nan pwent ke li.
- Konsidere koulèv ki pi danjre an poutèt gwo sè.



KOULÈV SONÈT "PIGMY RATTLESNAKE"

Sistrurus miliarius

- Yon gran kantite toupatou nan Eta-a nan bwan yo, men de tanzantan nan marekaj yo.
- Longè an mwayèn se 1 pye a 1 pye 1/2, epi akoz de tay ki pití, son "sonèt" koulèv sa-a ka difisil pou tandé.
- Koulè gri, ak mak gri fonse oswa mawon ak mèch wouj ki sót nan tèt li rive nan ke li.
- Paske se yon koulèv ki toujou sou ladefansiv, li toujou ap atake moun.



KOULÈV YO RELE "COTTONMOUTH/WATER MOCCASIN"

Agkistrodon piscivorus

- Li toupatou nan Eta-a bò dlo.
- Longè mwayèn yon gwo koulèv: 3 a 4 pye.
- Yo gen divès koulè depi sa ki nwa, sa ki gri rive sou sak mawon ak mak mawon fonse sou yon gwo kò.
- Jèn ti koulèv yo gen desen tipik sou kò yo.
- Li pa kouri pou moun, li kanpe sou pozisyon li, epi si yo nwi li, li souvan pran pozisyon "ouvri bouch li byen laj".



KOULÈV YO RELE "COPPERHEAD"

Agkistrodon contortrix

- Li toupatou nan pati nò Eta Florid nan zòn bwaze yo ak marekaj yo.
- Longè mway: 2 a 3 pye.
- Koulè mawon pal ak pli transvèsal mawon fonse oswa mawon wouj an fòm sèl chwal.
- Fasilman li kamoufle nan anviwonman kote li ye-a akòz li gen yon kapasite inik pou kamouflaj.

KOULÈV KORAY "CORAL SNAKES"

(Elapidae): Anpwazonnman sistèm nève - Venen an se kòz yon ti doulè, enflamasyon ak pèdi koulè. Kèk tan apre nou gen dwa genyen sentòm tankou konjesyon serebral, lang lou ak pwoblèm pou respire (pèdi souf)



KOULÈV KORAY

Micruurus fulvius

- Toupatou nan Eta-a.
- Longè mwayèn: 2 a 3 pye.
- Yon koulèv kò fen byen kolore wouj, jòn ak nwa.
- Souvan yo konfonn li ak Koulèv "Scarlet King Snake" ki pa genyen pwazon li menm.

"SCARLET KING SNAKE"
KI PA GENYEN PWAZON LI MENM

Nou kapab bay ti pawòl sa-a pou idantifye li: "Wouj manyen jòn, lammò frape lòm. Wouj manyen nwa, pwazon kaba"





KOULÈV SONÈT "CANEBRAKE"

Crotalus horridus

- Li toupatou nan pati nò Eta Florid nan zòn bwaze yo epi sèk.
- Longè mwayèn: 3 a 4 pye.
- Koulèv gwo kò mawon pal ak bann transvèsal nwa ki kwaze ak yon ke nwa ak sonèt la nan pwent lan.
- Se ti frè sa ki nan nò Zetazini ki rele "Timber Rattlesnake" lan.

MAK POU IDANTIFYE YO



KONTAK ANKA DIJANS YO

RELE 911

"FLORIDA POISON INFORMATION CENTER NETWORK"

800-222-1222

DEPATMAN PONPYE AK SEKOU MIAMI-DADE

9300 NW 41ST Street, Miami, FL 33178

786-331-5000

www.miamidade.gov/mdfr

PIBILIYE PA BIWO ENTÈVANSYON ANPWAZONMAN
DEPATMAN PONPYE AK SEKOU MIAMI-DADE OFICINA DE
AYUDA A VÍCTIMAS DE MORDIDAS DE SERPIENTES

Ki pa ijans: 786-331-4454

Faks: 786-331-4454

mdfrantivenom@miamidade.gov

www.venom1.com

786-331-5000

www.miamidade.gov/mdfr



SA POU FÈ APRE YON KOULEV MÒDE MOUN

FÈ SA

- Rete kalm, poze.
- Imedyatman rele 911.
- Imobilize zòn koulèv la mòde an.
- Kenbe kote ki afekte an pi ba oswa menm wotè ak kè an.
- Limite mouvman viktim lan.
- Retire tout bijou (tankou bag, braslè, mont, elatrye), reitre rad ki sere ak tout sa ki sere sou moun lan anvan enflamasyon kòmanse.
- Ak anpil prekosyon eseye gade mak ki ka identifye koulèv la (tankpou koulè, desen ak gwosè li).

PA FÈ SA

- Pa sèvi ak yon bann pou rete san.
- Pa ni bwè ni pa mete alkòl.
- Pa koupe oswa souse blesi an.
- Pa mete glas sou li.
- Pa eseye kenbe koulèv la.
- Pa eseye touye koulèv la.
- Pa manyen yon koulèv ki mouri.

KONSEY PREVANSYON

- Fè atansyon nan zalantou raje yo, gazon/zèb ki wo anpil, epi nan zòn bò kannal yo, lak yo ak marekaj yo.
- Toujou mete gan ak soulye pou pwoteje w lè wap travay deyò.
- Gade byen anvan w chita, mete pye w oswa mete men w oswa fouye bò wòch yo oswa bout bwa yo.
- Evite mete men w kote ki kache oswa ke w pa kapab wè byen.
- Pran anpil prekosyon lè apre dezas natirèl yo (tankou siklòn yo, toubyon yo, inondasyon yo) wap ranmase debri pou w pa kontre ak koulèv ki pèdi nich yo epi ki tou gen lapèrèz.

BÈT DANJRE NAN LAKOU DÈYÈ LAKAY W

Ponpye ak Sekou Miami-Dade ofri pwogram sa-a pou etidyan yo epi li vize bay prevansyon, sekirite ak premye swen pou mòdi ak piki bêt danjre yo. Pou mete yon dat pou non vini fè yon prezantasyon nan lokal w an jis rle Biwo Relasyon Piblik nou an nan 786-331-5000 pou mete yon dat.

KOULEV KI GENMPWAZON YO NAN FLORID—



BIWO ENTÈVANSYON ANPWAZONMAN

DEPATMAN PONPYE AK SEKOU MIAMI-DADE